



Pou Piblikasyon Imedya: 12/02/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AMANDMAN 30 JOU YO PRAL GEN LEJISLASYON
POU PWOTEJE NOUYÒKÈ YO KONT OGMANTASYON SOU TAKS YO**

*Pandan Gouvènman Federal la ap Sible 12 Eta Demokratik yo Lè yo Prèske
Elimine Dediksyon SALT yo, New York ap Pase Alaksyon*

*Amandman 30 Jou yo pral Gen Pwopozisyon pou yon Sistèm Taks sou Salè
Opsyonèl, Nouvo Fon pou Don Charitab yo, ak Lejislasyon pou
Dekouple Soti nan Kòd Taks Federal la*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse amandman 30 jou nan Bidjè Egzekitif la yo pral gen lejislasyon pou pèmèt anplwayè yo chwazi patisipe nan yon nouvo sistèm taks sou salè pou pwoteje anplwaye yo kont ogmantasyon taks Federal yo. Anplis de sa, lejislasyon an pral kreye de nouvo fon pou aksepte don pou finanse pwogram swen sante ak pwogram edikasyonèl yo, sa k ap pèmèt kontribiyab ki detaye dediksyon yo pou yo dedwi don sa yo nan taks federal yo. Finalman, amandman bidjè a yo pral gen ladan dispozisyon pou dekouple kòd taks eta soti nan kòd taks Federal la pou evite kontribiyab Eta a yo gen ogmantasyon sou taks eta a yo akòz de ogmantasyon taks Federal yo.

“Pandan Gouvènman Federal la ap sible kè ekonomik New York la dirèkteman, avèk nouvo lejislasyon sa a, nou ap pran mezi pou nou pwoteje Nouyòkè k ap travay di nou yo kont atak sa a k ap soti nan Washington lan”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Avèk refòm sa yo k ap fèt nan kòd taks nou an, nou ap fè tout sa nou kapab pou nou pwoteje dwa ak bous fanmi toupatou atravè New York yo.”

“Amandman sa yo ap ajoute nan Bidjè Egzekitif la pral pwoteje kontribiyab New York yo, Bidjè Eta nou an, ak kapasite pou eta nou an rete konpetitif sou plan ekonomik”, **Direktè Bidjè Eta a Robert F. Mujica, Jr. te deklare.** “New York gen 52 konte ki bay plis pase 10,000 dola nan taks SALT an mwayèn, ki se pi gran pousantaj kontribiyab k ap resevwa ogmantasyon sou taks yo, epi lwa sa a ap rann li pi chè pou yo viv isit la an konparezon ak lòt eta yo.”

Delege pa Enterim Enpo ak Finans la, Nonie Manion, te deklare, “Nou te kolabore avèk espesyalis ajans nou an yo ak pati konsène nan endistri a yo pou nou devlope opsyon pou limite domaj k ap soti nan chanjman k ap fèt nan taks federal yo ki sible Eta

New York la ak sitwayen li yo nan fason enjis. Amandman sa yo pral restore ekitabibilite pou kontribiyab yo pandan l ap mentni kapasite pou eta rete konpetitif tou”.

Lejislasyon yo pral vanse ak amandman 30 jou yo pral ajoute sou [rapò](#) preliminè Depatman Enpo ak Finans lan (Department of Taxation and Finance) te pibliye an janvyè a, ki prezante opsyon pou refòm taks eta yo konsevwa pou atenyè efè negatif lejislasyon federal la ap gen sou ekonomi nou an ak sou Nouyòkè yo. Apre plis etid ak konsiltasyon apwofondi nou te fè ak espesyalis ki soti nan gouvènman eta ak lokal yo, milye inivèsitè yo, sektè prive a, nou te jwenn ke refòm yo pwopoze yo ap dèzopsyon vyab pou pwoteje Nouyòkè yo.

Lejislasyon yo pral mete ak amandman 30 jou yo pral pwoteje kontribiyab yo lè li:

- **Kreye yon nouvo Chaj Fiskal sou Salè Emplwayè yo (Employer Compensation Expense Tax, ECET):** Byenke refòm taks federal yo te elimine dediktibilite taks Eta ak lokal yo konplètman pou moun yo endividyèlman, yo te epanye biznis yo de limitasyon sa yo. Nan kad lejislasyon 30 jou sa a, pou pwoteje anplwaye yo konte ogmantasyon taks ki asosye ak limitasyon dediktibilite SALT yo, anplwayè yo pral kapab chwazi patisipe nan nouvo sistèm ECET la. Anplwayè ki chwazi patisipe yo pral peye yon taks senk pousan sou tout depans salè anyèl ki plis pase 40,000 dola pa anplwaye, sa ap konplètman antre an vigè pandan yon dire twa zan kòmanse apati 1 Janvyè 2019. Sistèm taks sou revni pèsònèl pwogresif la ap rete an plas, epi nouvo kredi taks konrespondan an valè ki nan ECET a pral redwi taks sou revni pèsònèl sou salè a epi asire kontribiyab Eta a yo ki peye ECET yo pap santi yon rediksyon nan salè nèt yo. An jeneral, yo te konsevwa pwopozisyon an pou l ka net sou plan revni pou eta a pandan l ap bay anplwayè yo opòtinite pou yo redwi taks federal anplwaye yo.

Anba lejislasyon an, delè pou premye eleksyon anyèl pou anplwayè yo chwazi patisipe nan sistèm altènatif sa a pral 1 Oktòb 2018 pou ane fiskal 2019 la. Avantaj ki asosye ak eleksyon an pral gen ladan non sèlman soulajman taks pou anplwaye ki afekte yo men tou yon nouvo kredi taks ki disponib pou anplwayè pou konpanse pou depans administrativ yo. Pou sila yo ki chwazi patisipe, nouvo taks sou salè ki plis pase 40,000 dola yo pral konplètman antre an vigè pandan yon dire twa zan: 1.5 pousan nan premye ane a, 3 pousan nan dezyèm ane a, 5 pousan nan twazyèm ane a.

- **Kontribisyon Charitab pral Benefisye Nouyòkè yo:** Lejislasyon an kreye de nouvo Fon Kontribisyon Charitab (Charitable Contribution Funds) eta ap opere pou yo aksepte don pou rezon ki konsène amelyorasyon swen sante ak edikasyon nan New York. Kontribiyab ki detaye dediksyon yo ka reklame kontribisyon charitab sa yo kòm dediksyon nan deklasyon revni Federal ak Eta yo. Nenpòt kontribiyab k ap fè yon don ka reklame tou yon kredi taks Eta ki egal a 85 pousan nan kantite don pou ane taks ki vin apre yo fè don an. Anplis de sa, amandman otorize distri lekòl yo ak lòt gouvènman lokal yo pou yo kreye fon charitab pou edikasyon ak swen

sante. Don yo fè nan fon sa yo pral ofri rediksyon nan fakti enpo lokatif lokal yo (atravè yon kredi lokal) ki egal a yon pousantaj don an.

- **Dekouple soti nan kòd taks federal la:** Kòd taks eta a aliyen deprè ak kòd taks Federal la. Lejislasyon sa ap dekouple kòd taks eta a soti nan kòd taks federal la, kote sa nesèsè, pou evite plis pase 1.5 milya dola nan ogmantasyon taks Eta a sèlman apati ogmantasyon sou taks Federal yo. Refòm taks Federal la limite dediksyon detaye pou taks Eta ak lokal yo (SALT) a 10,000 dola. Gouvènè a pwopoze pou dekouple soti nan limit sa, pou kontribiyab Nouyòkè yo pa peye 441 milyon dola ogmantasyon taks Eta k ap soti nan montan atravè limit sa a ale nan deklarasyon taks sou revni Eta a yo. Lejislasyon an dekouple tou soti nan chanjman dediksyon Federal yo, sa k ap fè kontribiyab eta yo ekonomize 269 milyon dola chak ane kòmmanse apati Ane Fiskal 2020 an. Amandman 30 jou yo pral mentni tou dediksyon estanda Eta a pou moun k ap ranpli taks kòm selibatè yo. San chanjman sa, moun k ap ranpli taks kòm silibatè yo pap kapab pran dediksyon estanda sou deklarasyon taks Eta yo, epi kontribiyab New York yo pral sijè a yon ogmantasyon taks Eta anyèl 840 milyon dola k ap kòmmanse apati Ane Fiskal 2020 an.

Mwa pase a, Gouvènè an te fè vanse efò a plizyè volè li a pou konbat atak fiskal gouvènman federal la ap fè kont yo a epi [li te anonse](#), ansanm ak Gouvènè New Jersey ak Connecticut yo, yon kowalisyon pou rele gouvènman federal lan lajistis. Dispozisyon sa ap antisipe efektivman kapasite eta genyen pou gouvènè lè yo redwi kapasite pou yo pran swen pwòp sitwayen yo, epi li vize New York ak eta ki sitiye yon fason similè yo nan yon fason enjis, ki se yon vyolasyon Konstitisyon an.

Nouvèl lwa federal la ap gen efè nan yon fason dispwopòsyone sou Eta New York, ki deja ap voye 48 milya dola an plis chak ane bay Washington pase lajan federal li resevwa. Selon yon rapò resan ki te pibliye pa Depatman Enpo ak Finans nan Eta a, eliminasyon dediktibilite total SALT yo sèlman sa pral koute New York yon 14.3 milya dola adisyonèl.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)